

**403 - POLITIK GRADYASYON
POLITIK PPSD**

Kwayans Jeneral	<p>Distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) devwe pou ankouraje ekselans akademik, kwasans pèsonèl ak preparasyon pou karyè pamì elèv li yo. Politik sa a esplike pakou gradyasyon elèv yo, ki an amoni ak estanda edikasyon Rhode Island yo epi ki konsidere divèsite nan popilasyon elèv nou an. Li genyen de seksyon diferan: Seksyon 1 esplike kondisyon pou elèv ki nan klas 2025, 2026 ak 2027; Seksyon 2 esplike kondisyon pou elèv ki nan klas 2028 la epi ane apre yo.</p> <p>Nan kè kwayans Komisyón Konsèy Lekòl Providence la, genyen konviksyon tout elèv kapab e ta dwe aprann nan nivo ki siperyè yo. PPSD detèmine nan angajman li pou bay tout elèv yo estrikti, zouti ak sipò ki nesesè pou debloke potansyèl yo. Misyon nou se pou bay tout elèv yo ekipman pou reyisi nan kolèj ak inivèsite nan tout peyi a, epi nan pwofesyon yo chwazi yo. Resevwa yon diplòm nan yon lekòl PPSD se yon reprezantasyon nòm siperyè nan aprantisaj elèv la, ki fèt atravè pwogram etid ki genyen rigè, ansèyman sou kontni ak metriz konpetans teknik, sa a ki asire preparasyon pou aprè lekòl segondè ak preparasyon karyè pou tout diplome yo.</p>
Objektif ak Kontèks	<p>Politik sa a fèt pou asire tout elèv Distri a, kèlkeswa sitiyasyon yo oswa sikontans yo, satisfè yon estanda wo gradyasyon ki inifòm. Komisyón Konsèy Lekòl Providence la atann pou Distri a bay ansèyman bazik yo priyorite, kenbe gwo atant epi devwe pou sipòtè tout elèv nan pakou yo pou yo gradye. Nan objektif sa a, pwosesis ak pwogram yo dwe reyalize nan tout lekòl PPSD yo, selon politik sa a ak lòt regleman yo. Chak elèv nan Distri a, san okenn eksepsyon, dwe resevwa sipò pou satisfè kondisyon gradyasyon yo epi reyisi nan efò apre gradyasyon yo.</p>
Definisyon	<p>Yo bay definisyon sa yo pou ede konprann politik sa a ak obligasyon legal Distri a.</p> <p>Rezo tout kou yo (ACN): Inisyativ nan tout eta a ofri elèv yo aksè ak yon varyete kou ki pa disponib nan lekòl lokal yo. Li gen pou objektif pou anrichi eksperyans edikasyon epi atenn divès objektif aprantisaj.</p> <p>Konpetans Aprantisaj Aplike: Konpetans ki genyen ant pwogram akademik yo, ki gen ladan kreyativite, rezoud pwoblèm, panse kritik, rechèch, refleksyon, evalyasyon ak kolaborasyon. Ladrès sa yo devlope nan tout edikasyon K-12 epi yo aplikab nan kad akademik ak nan monn reyèl la.</p> <p>Jèn moun kap bay swen: Timoun ki gen laj lekòl ki bay asistans kontinyèl ak travay sou yon baz regilye oswa chak jou ak yon fanmi oswa manm nan kay la ki gen rapò ak moun ki gen anpil laj, gadri, andikap ak maladi fizik oswa mantal.</p> <p>Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Teknik (CTE): Pwogram edikatif ki entegre ansèyman akademik ak aprantisaj ki baze sou travay. Pwogram sa yo prepare elèv yo pou edikasyon apre segondè ak karyè nan domèn espesifik lè yo mete aksan sou aplikasyon pratik konpetans yo.</p> <p>Tan Planifikasyon Jeneral: Peryòd yo chwazi ki pèmèt pwofesè yo kolabore sou planifikasyon ansèyman, analiz siksè elèv yo ak devlopman pwofesyonèl. Kolaborasyon sa a gen pou objektif pou amelyore estrateji ansèyman ak rezulta elèv yo.</p>

Syans Enfòmatik: Etid òdinatè, pwosesis algorit, prensip yo, pyès ki nan konpitè ak konsepsyon lojisyèl, sibèsekirite ak enpak sosyete yo. Domèn sa a eksploré tou enplikasyon etik ak sosyete a nan pwogrè teknologik yo.

Domèn kontni prensipal yo: Matyè esansyèl pou yon edikasyon ki byen ekilibre, ki gen ladan lang anglè, matematik, syans, syans sosyal, atizay, lang mondal, edikasyon fizik, sante ak syans enfòmatik.

Katalòg kou yo: Yon lis konplè sou kou yo ofri elèv yo. Li gen ladann non kou yo, deskripsiyo yo, kondisyon yo ak enfòmasyon enstriktè yo, k ap sèvi kòm yon gid pou seleksyon kou yo.

Kredi: Yon inite sikse edikasyon ki mansyone metriz nan kontni kou yo. Yo bay kredi dapre konpetans, atravè travay nan kou yo, pwojè ak evalyasyon, olye tan moun nan pase nan kou yo.

Ekzamen ki baze sou Preparasyon pou inivèsite ak karyè: Yon tès estanda oswa evalyasyon ki mezire yon minimòm nan konpetans lekti, ekriti ak matematik elèv yo. Yo itilize evalyasyon sa a pou evalye pwogrè yo nan preparasyon pou inivèsite ak karyè.

Deziyasyon Konsèy: Rekonesans yo bay elèv ki demonstre pi wo nivo konpetans nan domèn espesifik akademik oswa aprantisaj aplike, jan estanda edikasyon yo detèmine sa a.

Konsèy Edikasyon Elementè ak Segondè: Yon pati nan Konsèy Edikasyon Rhode Island, k ap sèvi kòm kò prensipal ki fikse politik pou edikasyon PK-20 nan Rhode Island, ak yon fokis sou klas PK jiska 12yèm ane.

Pwogram Etid: Yon seri eksperyans edikasyon ki estriktire, ki gen ladan objektif, metòd, materyèl ak evalyasyon, ki fèt pou fasilitate aprantisaj ak reyisit elèv yo dapre nòm akademik yo.

Ekzamen ki baze sou Preparasyon pou inivèsite ak karyè: Yon tès estanda oswa evalyasyon ki mezire yon minimòm nan konpetans lekti, ekriti ak matematik elèv yo. Yo itilize evalyasyon sa a pou evalye pwogrè yo nan preparasyon pou inivèsite ak karyè.

Deziyasyon Konsèy: Rekonesans yo bay elèv ki demonstre pi wo nivo konpetans nan domèn espesifik akademik oswa aprantisaj aplike, jan estanda edikasyon yo detèmine sa a.

Konsèy Edikasyon Elementè ak Segondè: Yon pati nan Konsèy Edikasyon Rhode Island, k ap sèvi kòm kò prensipal ki fikse politik pou edikasyon PK-20 nan Rhode Island, ak yon fokis sou klas PK jiska 12yèm ane.

Pwogram Etid: Yon seri eksperyans edikasyon ki estriktire, ki gen ladan objektif, metòd, materyèl ak evalyasyon, ki fèt pou fasilitate aprantisaj ak reyisit elèv yo dapre nòm akademik yo.

	<p>Diplòm ak Tit: Yo verifye tit yo atravè kad responsablite lekòl la, ki gen ladan kredi enskripsyon doub/paralèl, sètifikasyon endistri yo rekonèt ak nòt nan egzamen ofisyèl yo.</p> <p>Sistèm Diplòm: Yon fondasyon konplè nan estrikti ak politik ki asire aksè nan pwogram solid ak sipò pou siksè elèv yo nan efò apre lekòl segondè.</p> <p>Doub Enskripsyon: Pratik pou enskri elèv lekòl segondè yo nan kou nivo inivèsite, sa a ki pèmèt yo gen ni kredi lekòl segondè yo ni kredi inivèsite yo ansanm.</p> <p>Matyè opsyonèl: Kou elèv yo chwazi anplis egzijans pwogram bazik yo. Kou sa yo pèmèt elèv yo eksploré enterè yo epi devlope nouvo ladrès.</p> <p>Metriz finansye: Konesans ak ladrès ki gen rapò ak jere finans pèsonèl, ki vize preparasyon elèv yo pou pran bon jan desizyon finansye.</p> <p>Kredi Flex: Kredi akademik ki entegre pou pi piti de matyè nan yon sèl kredi, ankouraje aprantisaj entèdisiplinè ak angajman san yo pa konpwomèt rigè akademik la.</p> <p>Pwogram Edikasyon Pèsonalize (IEP): Yon plan detaye ki dekri bezwen espesifik aprantisaj yon elèv ak sèvis edikasyon espesyal yo bay pou satisfè bezwen sa yo. Ekip IEP a kapab genyen paran yo, elèv la (si sa a apwopriye), pwofesè edikasyon jeneral ak espesyal yo, yon reprezantan ajans edikasyon lokal la ak lòt moun jan yo mande sa a.</p> <p>Plan Aprantisaj Endividiyèl (ILP): Yon plan pèsonalize ki gide devlopman akademik, karyè ak devlopman pèsonèl/sosyal yon elèv. Li kowòdone ak plan edikasyon ak sipò pou ofri sipò ki konplè.</p> <p>Entèvansyon: Yon pwogram yo sible oswa yon seri etap ki fèt pou rezoud bezwen espesifik, kit se konpòtman, ansèyman oswa lang. Entèvansyon yo fòmèl, ki vize pou rezoud feblès an patikilye, yon fason fleksib epi espesifik.</p> <p>Evalyasyon Diplòm sou Baz Pèfòmans: Devwa oswa pwojè ki demonstre metriz yon elèv nan konpetans aprantisaj aplike ak konesans kontni nan senaryo ki gen rapò ak mond reyèl la.</p> <p>Pèsonalizasyon: Estrateji edikatif ki adapte ak bezwen aprantisaj inik, enterè, aspirasyon oswa oriijn kiltirèl chak elèv yo, ki enplike metòd ansèyman ak pwogram etid ki pèsonalize.</p> <p>Metriz: Nivo reyisit nan konesans ak konpetans ki satisfè oswa depase estanda ki defini yo. Yo evalye konpetans yo atravè divès mwayen pou asire preparasyon pou pwochen defi yo.</p> <p>Pakou Preparasyon: Pwogram oswa fòmasyon ki prepare elèv yo pou tranzisyon nan travay, edikasyon apre lekòl segondè, oswa lòt objektif lavi, souvan ki an amoni ak enterè karyè yo.</p> <p>Evalyasyon Altènatif Rhode Island: Yon evalyasyon leta ki fèt pou evalye</p>
--	---

	<p>pèfòmans elèv ki resevwa enstriksyon dapre estanda leta ki modifye yo. Evalyasyon an adapte ak estanda eta a men li prezante kontni nan yon nivo konpleksite ki pi ba, li bay plis echafodaj ak sipò pou elèv yo.</p> <p>Seal of Biliteracy: Yo tabli yon so leta pou alfabetizasyon pou rekonèt elèv ki gradye nan lekòl segondè ki te rive nan yon wo nivo konpetans nan tande, pale, lekti ak ekri nan youn oswa plis lang, anplis anglè a. Komisyonè a pral bay so leta pou alfabetizasyon an.</p> <p>Elèv k ap travay: Moun ki gen laj lekòl k ap travay oswa k ap chèche travay, souvan pou sipòte fanmi yo. Politik yo konsidere bezwen yo pou gen yon balans ant travay ak edikasyon.</p> <p>Aprantisaj ki baze sou travay: Eksperyans estriktire nan anviwònman travay ki devlope epi aplike konpetans akademik, teknik ak pwofesyonèl. Eksperyans sa yo entegral nan tranzisyon pou edikasyon apre lekòl segondè ak karyè.</p>
Gid ak Estrateji Aplikasyon	<p>Sipè-entandan an pral devlope règleman administratif pou aplike Politik sou Gradyasyon an.</p> <p>Regleman yo ta dwe abòde chak nan sa yo ki swiv la:</p> <p>Kondisyon gradyasyon ki endike anba la a obligatwa. Sòf si yo espesifye sa yon lòt fason nan règleman sa a, lekòl endividiyèl nan Distri Lekòl Biblik Providence yo (PPSD) pa kapab anile okenn kondisyon gradyasyon oswa eleman yo.</p> <p>Sipè-entandan an gen responsabilite pou l devlope règleman administratif pou ranfòse kondisyon gradyasyon pou PPSD. Règleman sa yo pral detaye epi elabore sou atik yo mansyone apre yo.</p> <p>Seksyon 1: Gid ak Estrateji Aplikasyon pou Klas 2025, 2026 ak 2027 yo</p> <p>Pati A: Kondisyon Gradyasyon pou Klas 2025, 2026 ak 2027 yo</p> <p>Kondisyon pou gradyasyon PPSD yo fèt an aliyman ak Règleman Konsèy Edikasyon Elementè ak Segondè yo epi yo jwenn fondman yo sou yo. Pou kalifye pou yon diplòm, tout elèv nan lekòl segondè distri a dwe ranpli kondisyon gradyasyon konjonktif ki endike anba la a:</p> <p>1. Reyalizasyon travay kou yo: Elèv yo dwe konplete yon minimòm 21 kou atravè yon pwogram etid Distri a apwouve nan domèn sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> • Atizay Lang Anglè (domèn kontni fondamantal) - 4 kredi • Matematik (domèn kontni fondamantal) - 4 kredi • Syans (domèn kontni fondamantal) - 3 kredi • Etid Sosyal (domèn kontni fondamantal) - 3 kredi • Atizay (domèn kontni fondamantal) - 0.5 kredi • Teknoloji (domèn kontni fondamantal) - 0.5 kredi • Lang Mondyal (domèn kontni fondamantal) - 2 kredi • Edikasyon Fizik ak Sante - 2 kredi • Kredi Siplementè Opsyonèl - 2 kredi

2. Evalyasyon Diplòm sou Baz Pefòmans: Elèv yo dwe reyalize pou pi piti youn nan evalyasyon diplòm ki base sou pefòmans yo.

Yo detèmine elèv yo kalifye pou evalyasyon altènatif selon lwa federal la, règ ak regleman leta yo, epi jan yo mansyone sa a nan Plan Edikasyon Pèsonalize elèv la (IEP), kapab resevwa yon diplòm pandan l ap satisfè kondisyon gradyasyon ki deklare anwo a atravè pwogram etid ki modifie ak nòm metriz yo.

Kondisyon konjonktif

3. Kondisyon Evalyasyon Leta a: Anvan yo resevwa yon diplòm, elèv yo dwe pran pou pi piti yon egzamen ki konsantre sou preparasyon pou inivèsite ak karyè.

4. Nivo Kredi: Elèv dwe akimile pa mwens pase 21 kredi atravè yon kou etid ki apwouve pa Distri a. Demonstrasyon konpetans nan matyè ki deziyen kòm domèn kontni prensipal yo obligatwa, jan Distri a defini sa a.

Opsyon Sètifikasi pou Elèv k ap Fè Evalyasyon Altènatif Rhode Island yo (RIAA)

Providence pral bay sètifikasi yo jan sa a mansyone nan Règleman Segondè Rhode Island yo pou elèv ki kalifye pou Evalyasyon Altènatif Rhode Island (RIAA) la. Menm si yo pa ekivalan ak diplòm yo, sètifikasi sa yo bay enfòmasyon enpòtan ak prèv ki montre nivo konpetans pou elèv yo evalye ak RIAA yo, sa a ki sipòte tranzisyon yo nan laj granmoun. Enfòmasyon sa a enpòtan anpil pou fanmi ak/oswa pwogram sèvis pou granmoun yo pou detèmine sipò ki apwopriye pou elèv yo apre yo fin kite lekòl segondè. Domèn pou sètifikasi yo genyen ladan:

- Sètifikasi pou Akonplisman Akademik
- Sètifikasi pou Preparasyon nan Travay
- Sètifikasi Oto-Detèminasyon
- Sètifikasi Sitwayènte ak Kominote

Deziyasyon Konsèy

Depi Klas 2021 la, PPSD gen ladann mansyon deziyasyon sou diplòm ak relve nòt pou elèv ki satisfè kritè Konsèy la defini yo. Konsèy la espesifye deziyasyon ki disponib yo ak nivo akonplisman yo mande yo. Deziyasyon yo apwouve yo ka kouvri akonplisman nan tout eta ELA ak estanda matematik ak finalizasyon kredi ki an amoni ak objektif aprantisaj pèsonèl yo. PPSD ofri opòtinite ak sipò pou elèv yo jwenn deziyasyon sa yo epi yo ka bay lòt deziyasyon yo devlope lokalman pou Klas 2026 la. Anplis de deziyasyon Konsèy la ki defini pa Leta a, elèv yo pral kalifye tou pou So pou Alfabetizasyon Eta a (Seal of Biliteracy, an anglè) ak deziyasyon lokal yo, ki genyen ladan rekonesans akonplisman nan Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Teknik (CTE), jan sa a defini nan dokiman sou reglementasyon Egzijans Gradyasyon PPSD a. Moun ki genyen tit Seal of Billiteracy Ajan/Ò yo kapab genyen ant de ak kat semès kredi inivèsite pou yon majè oswa minè nan lang nan yon inivèsite publik Rhode Island la oswa yon inivèsite kominotè

Pati B: Metòd altènatif kou etid la

Elèv yo ka satisfè tout egzijans kou yo atravè plizyè fason, tankou pwogram karyè

ak pwogram teknik ki apwouve pa leta, opòtinite aprantisaj ki elaji, doub enskripsyon, enskripsyon similtane, aprantisaj sou entènèt, opòtinite aprantisaj pa eksperyans ak lòt eksperyans aprantisaj nan preparasyon nan etid ki pa tradisyonèl, jan Distri a apwouve sa a. Katalòg kou yo pral detaye ki kou ki satisfè kondisyon espesifik domèn kontni yo.

1. Edikasyon Pwofesyonèl ak Edikasyon Teknik (CTE)

Kou CTE yo bay elèv yo ladrès akademik, teknik ak kapasite pou travay pou yo reyisi nan edikasyon apre lekòl segondè ak karyè ki gen anpil demann yo, yo ofri yon seri konpetans teknik ak kalifikasyon endistri ki valab nan domèn tankou Teknoloji Otomobil oswa Jeni.

2. Opòtinite Aprantisaj ki Elaji (ELO)

Se Depatman Edikasyon Eta a ki sipòte inisyativ ELO a epi inisyativ sa a pèmèt elèv lekòl segondè yo jwenn kredi pou eksperyans aprantisaj andeyò salklas yo. Elèv yo dwe reyalize konpetans oswa nòt egzanplè nan ribrik yo pou yo ka resevwa kredi akademik pou ELO yo, sa a ki ka konte kòm kredi opsyonèl oswa nan kondisyon pou gradyasyon nan teknoloji oswa atizay.

3. Doub Enskripsyon

Kou doublé enskripsyon yo fè pati kalandriye regilye enstitisyon k ap fè pwopozisyon yo epi se pwofesè inivèsite yo sou kanpis inivèsite a ki anseye yo. Elèv lekòl segondè ki patisce nan klas sa yo genyen kredi inivèsite epi yo resevwa yon relve nòt inivèsite a lè yo fini kou yo avèk siksè.

4. Enskripsyon Paralèl

Kou enskripsyon paralèl yo ki apwouve pa enstitisyon edikasyon siperyè yo pou pwofesè lekòl segondè yo anseye nan lekòl segondè yo, pèmèt elèv yo jwenn kredi nan inivèsite epi resevwa yon relve nòt nan inivèsite lè kou yo fini.

5. Pwogram Aprantisaj sou Entènèt/Pwogram Vityèl

Livrezon prensipal ansèyman ak kontni sou Entènèt la fèt sou Entènèt la, ak enstriktè ki adistans pa rapò ak anviwònman salklas tradisyonèl la.

6. Eksperyans Adisyonèl nan Aprantisaj pou Preparasyon Akademik

Distri a kapab apwouve eksperyans adisyonèl nan aprantisaj pou preparasyon akademik pou reponn ak kondisyon gradyasyon yo selon chak ka.

7. Nivo Kredi pou Metriz nan Lang Mondyal yo

Elèv yo ka genyen jiska sis kredi lè yo demonstre konpetans yo nan egzamen APPL la, epi jiska de kredi ki konte pou kondisyon Lang Mondyal la si yo nan menm lang.

8. Kou lekòl segondè yo anseye nan lekòl twazyèm sik

Elèv ki konplete kou lekòl segondè distri a apwouve nan lekòl twazyèm sik yo pral resevwa kredi ki apwopriye pou yo gradye.

Pati C. Sipò Lekòl Twazyèm Sik ak Sipò Lekòl Segondè pou Elèv yo

Yo atann pou tout elèv ki nan Providence aprann nan yon nivo segondè, sa a ki nesesè pou chak lekòl gen sipò konplè akademik, sipò karyè ak sipò sosyal/emosyonèl pou travay totalman potansyèl elèv yo. Sipò yo genyen, men ki pa limite ak:

1. **Plan Aprantisaj Endividiyèl (ILPs):** Yo itilize ILPs yo pou elèv ki nan klas 6yèm ane jiska 12yèm ane. Yo dokimante enterè aprantisaj akademik ak aprantisaj aplike ak nenpòt plan sipò, pou asire elèv yo sou pakou ki pi bon pou satisfè epi depase kondisyon gradyasyon yo. Paran/responsab legal yo resevwa notifikasyon anyèl sou fason pou jwenn aksè nan ILP pitit yo.
2. **Entèvansyon ki baze sou Rechèch:** Anplis ansèyman bazik yo, elèv ki pa sou wout pou satisfè kondisyon diplòm yo resevwa entèvansyon ki baze sou rechèch ki adapte ak konesans yo ak diferans konpetans yo pou akselere aprantisaj la.
3. **Opòtinite Rekiperasyon Kredi:** Yo ofri sa yo fas a fas oswa vityèlman pandan tout ane akademik la ak sezón ete, sa a ki bay elèv yo plizyè chans pou yo refè kredi yo.
4. **Asire Alfabetizasyon ak Kalkil nan Nivo Klas la**

Elèv yo ap fè evalyasyon dyagnostik, apre yo fin bay estrateji ansèyman, entèvansyon ak sipò ki apwopriye, tout bagay ki dokimante nan ILP elèv la.

Seksyon 2: Kondisyon pou Gradyasyon Klas 2028 ak ane apre yo

Kondisyon Konpetans pou 2028 ak ane apre yo

Pati A: Kondisyon Konpetans pou 2028 ak ane apre yo

1. Estrateji Konpetans:

- PPSD pran angajman pou l asire tout elèv lekòl segondè yo gradye ak konpetans nan matematik ak ELA, ak ase sipò akademik, karyè ak sipò sosyal pèsonèl.
- Yo pral fè tès depistaj chak ane nan nivo konpetans ELA ak Matematik pou tout elèv yo avèk evalyasyon leta ak evalyasyon lokal yo, epi yo pral bay dyagnostik ak ansèyman adisyonèl, jan sa a nesesè
- PPSD pral bay dyagnostik epi devlope estrateji ak entèvansyon pou sipòte preparasyon pou inivèsite ak karyè pou elèv ki gen rezulta nan evalyasyon leta ki pi ba pase nivo lekòl la.
- Plan Aprantisaj Endividiyèl (ILP) chak elèv pral dokimante pwogrè pou konpetans.
- Y ap prezante yon rapò chak ane bay komite lekòl la sou efikasite estrateji ELA ak matematik, entèvansyon ak pwogram yo epi yo pral

bay RIDE li.

2. Kondisyon pou Gradyasyon:

- Yo dwe ranpli kredi yo jan sa a defini nan politik sa a.
- Konplete pou pi piti yon evalyasyon diplòm ki baze sou pèfòmans, jan sa a espesifye nan politik sa a.
- Akonplisman tout kondisyon leta ak lokal yo jan sa a mansyone nan politik sa a.

3. Kondisyon pou Kredi:

- PPSD bezwen yon total 21 kredi. Pou plis detay, al gade nan Tablo ki nan Pwotokòl yo.
- Chak kredi dwe demonstre konpetans jan LEA defini li epi li dwe an akò ak estanda kontni lekòl segondè yo.
- Aliyman kou yo pral fèt ak estanda kontni ki apwouve oswa yo adopte lokalman. Bay kredi a pral baze sou satisfaksiyon nòm akademik yo idantifye pou konpetans nan lekòl segondè, jan LEA a detèmine sa a, san yo pa konsidere tan moun pase chita oswa minit ansèyman yo.
- Yo pral pèmèt kredi Flex jan sa a mansyone nan Règleman Segondè Rhode Island yo.

Pati B: Konsiderasyon Edikasyon Espesyal:

1. Pwen Desizyon Edikasyon Espesyal

- PPSD deklare tout elèv ki ranpli kondisyon gradyasyon ki etabli epi ki apwouve merite yon diplòm. Sa a gen ladann elèv ki satisfè nòm konpetans ki modifye pou travay kou yo ak elèv ki kalifye pou yon lòt evalyasyon oswa ki bezwen yon pakou preparasyon, jan sa a mansyone nan IEP yo.
- Apati klas 2028 la, elèv yo pral enskri nan sekans kredi ki mansyone nan kondisyon konpetans yo. Avèk konsantman paran yo, elèv yo ka enskri nan yon pakou preparasyon RIDE ki apwouve, ki adapte ak objektif inivèsite ak karyè yo jan yo idantifye nan ILP yo.
- Kredi yo apwouve pou pakou preparasyon yo pral ranplase kredi espesifik ak kondisyon konpetans yo. Yo konsantre sou devlopman ladrès ki nesesè pou tranzisyon anplwa epi yo alien ak ILP elèv la.
- RIDE pral revize epi bibliye pakou preparasyon ki apwouve chak ane, ki gen ladan rezulta ak done dezagregasyon yo. Orè lekòl yo ak disponiblite kou yo pa pral enfiyanse enskripsyon nan pakou preparasyon yo.

2. Notifikasiyon Edikasyon Espesyal:

- Elèv ki gen IEP aktif yo ka kalifye pou Edikasyon Biblik Gratis ak Apwopriye (FAPE) jiska laj 22 lane. Elèv ki kalifye yo ka chwazi pou yo patisipe nan seremoni gradyasyon yo nan katriyèm ane lekòl segondè yo oswa nan ane yo gen 22 lane.
- Ekip IEP a pral avèti direktè lekòl segondè a **anvan 15 oktòb** sou ane eskolè ki gen entansyon patisipe nan aktivite ak seremoni gradyasyon yo. Patisipasyon sa a pa pral afekte dwa elèv la pou l'resevwa FAPE oswa yon diplòm lè li satisfè kondisyon gradyasyon yo.

Pati C:

1. Kou nan Lekol Biblik Providence

Elèv yo gen opòtinite pou satisfè kondisyon ki mansyone yo, tankou sa yo pou kou nan domèn kontni yo, atravè yon varyete chanèl. Sa yo genyen pwogram karyè ak pwogram teknik leta a apwouve, opòtinite aprantisaj elaji, enskripsiyon doub, enskripsiyon paralèl, aprantisaj sou entènèt, opòtinite aprantisaj eksperyans ak lòt eksperyans inovatè akademik ak preparasyon pou karyè. Pou plis enfòmasyon, al gade nan Règleman Enskripsiyon Doub la: **[Dual Enrollment Policy 2015]** (https://providencepublic.icboard.com/Reference_Library/ESB_Policies_and_Regulations/Policies//Dual%20Enrollment%20Policy%20-%202015.pdf).

2. Preparasyon pou inivèsite ak karyè

Pou asire yon tranzisyon san pwoblèm nan pakou apre lekòl segondè, chak jèn elèv gradye pral resevwa konsèy sou opòtinite nan edikasyon siperyè, karyè, aprantisaj, ak militè a. Jèn elèv ki gradye yo pral motive pou yo antreprann youn nan plizyè aksyon ki fasilité yon mouvman siksè nan plis edikasyon oswa fòmasyon karyè. PSD ap enstwi elèv yo tou sou fason pou aplike pou èd federal pou elèv atravè Depatman Edikasyon Etazini ak èd pou elèv leta atravè Biwo Komisyònè pou apre lekòl segondè a, dapre lwa eta yo.

Depatman Edikasyon Rhode Island (RIDE) pral rasanble epi analize done sou pousantaj reyalizasyon aplikasyon federal ak eta a pou èd elèv sa yo. Done sa yo, yon mezi kle pou responsabilite lekòl la, yo pral rapòte yo anba "Every Student Succeeds Act" (ESSA) epi mete aksan sou pwogrè klas 2028 la.

3. Elèv k ap konplete Pakou Preparasyon yo:

Elèv yo, fanmi yo ak ekip lekòl yo ka detèmine yon Pakou Preparasyon se kou etid yon elèv pa pi bonè pase dezyèm semès nan dezyèm ane a epi pa pita nan fen premye semès nan twazyèm ane yo a. Pakou Preparasyon yo apwopriye pou elèv ki te travay pou ranpli kondisyon gradyasyon yo, ki te angaje nan tout entèvansyon ak sipò yo bay yo, epi ki ka bezwen yon lòt pakou pou gradyasyon. Fanmi yo ak elèv yo dwe angaje yo nan reyinyon empòtan ak estaf lekòl la pou asire yo konprann ak konsantman ak kondisyon yo ak enplikasyon yo nan chanjman pwogram yo nan kritè yo, ki dwe dekri nan ILP yo epi yo dwe kominike atravè notifikasyon anyèl.

- Kritè siksè yo genyen pou pi piti 21 kredi, sa a ki genyen pwogram tranzisyon ak pwogram pakou ki dokimante nan ILP la.
- Kredi yo ka gen ladan yo sa yo apwouve atravè Oryantasyon Pakou Preparasyon RIDE la, ak matyè obligatwa yo, dapre modifikasyon IEP yo.
- Reyalizasyon yon Plan Devlopman Edikasyonèl (EDP).
- Reyalizasyon Plan Aprantisaj Endivididyèl (ILP).
- Konplete kou tranzisyon ak eksperyans karyè/lavi, jan yo anrejistre nan ILP oswa plan tranzisyon endivididyèl la.
- Patisipasyon nan evalyasyon leta pandan dezyèm ane ak twazyèm ane oswa evalyasyon altène nan twazyèm ane.
- Demonstrasyon alfabetizasyon finansye obligatwa.
- [Dokiman Oryantasyon](#)

Elèv yo dwe touche kantite kredi ki nesesè yo dapre pakou etid yo chwazi selon sa ki annapre yo:

Kou	Kredi
Anglè	4.00
● 9èm lane	1.00
● 10èm lane	1.00
● 11èm lane	1.00
● 12èm lane	1.00
Matematik	4.00
*Kou Lekòl Twazyèm Sik Lekòl Segondè (Yo ka pran kredi kou Jeyometri ak Aljèb 2 nan nivo lekòl Segondè; sepandan, elèv yo dwe konplete 4 Kou Matematik nan Lekòl Segondè)	
● Aljèb 1	1.00
● Jewometri	1.00
● Aljèb 2	1.00
● 1 kredi adisyonèl nan yon kou matematik ki apwouve pou tout ane yo (anile pou moun ki sou wout pou yo konplete yon pwogram CTE nan ane siperyè yo)	1.00
Syans	3.00
3 kredi Syans, ki gen ladan I 2 laboratwa syans	
Etid Sosyal	3.00
● Istwa Mondyal	1.00
● Istwa Etazini	1.00
● Gouvènman Ameriken/Sivik	1.00
○ Ki gen ladan pwojè Sivik - Dwe satisfè konpetans	
Lang mondal	2.00*
Konplete 2 kredi nan menm lang la.	
*Youn nan sa yo ka rive nan lekòl Twazyèm Sik. Elèv yo dwe montre konpetans pou yo jwenn yon kredi konplè nan lekòl twazyèm sik la.	
● Elèv yo apwouve pou Preparasyon Pakou ka gen yon altènativ pou Lang Mondyal nan plan gradyasyon yo. Yo dwe fè fanmi yo ak elèv yo konnen inivèsite yo ka toujou mande Lang Mondyal kòm yon kondisyon pou admision.	
● Elèv ki gen anglè kòm dezyèm lang yo ka pase tès andeyò lang matènèl yo, epi y ap mete kredi yo sou relve nòt yo. Y ap mete yon kredi pou chak nivo tès APPL yo pase sou relve nòt la.	
Syans Enfòmatik (Dekouvèt oswa AP CS)	.50
Atizay	.50
Edikasyon Fizik/Sante*	2.00

		ekivalan
	Kou opsyonèl Pou pi piti 2.0 Matyèl Opsyonèl dwe nan nivo preparasyon pou inivèsite oswa pi wo pou elèv CTE ki pa pran matematik avanse nan ane siperyè yo. Pou pi piti 1.0 Matyèl Opsyonèl dwe nan nivo preparasyon pou inivèsite pou tout elèv	1.0
	Metriz finans (modil sou entènèt, kou, tès)	Dwe pase
	Total Kredi	21*
	<p>Elèv yo dwe konplete Pwojè gradyasyon ki baze sou pèfòmans sivik la epi demontre konpetans nan sèt domèn akademik (Anglè, Matematik, Syans, Syans sosyal, Atizay, Edikasyon Fizik/Sante ak Syans enfòmatik). Yo dwe kenbe sis kredi tou nan chak ane akademik. Yo ka bay yon kredi .5 pou 80 èdtan aprantisaj ki baze sou travay oswa estaj apwouve. Elèv ki oblige pran twa oswa plis kou ELD ka bezwen jiska 23*kredi pou yo rive nan PPSD ak kondisyon pou gradyasyon Leta a.</p>	
Fòmasyon, Sipèvizon ak Kominikasyon	<p>Sipètentandan an pral mete ajou chak ane Komisyón Konsèy la anvan 1ye me, ki kouvri pousantaj gradyasyon ak abandon, patisipasyon elèv nan opòtinite rekiperasyon kredi ak lòt enfòmasyon enpòtan konsènan aplikasyon politik Kondisyon gradyasyon yo.</p>	
Konfòmite ak Lwa, Kondisyon Konfidansyalite yo	<p>Sipè-entandan an pral asire tout manm pèsonèl PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout Politik Komisyón Konsèy la. Nan ka nenpòt pati nan nenpòt ki Règleman an ilegal, Sipè-entandan an pral rapòte evènman sa a bay Konsèy la osito ke posib epi mande Komisyón Konsèy la yon modifikasyon nan Politik sa a.</p>	
	<p>Seksyon 3</p> <p>1. Konfòmite ak lwa ak règleman pou tout klas k ap gradye yo</p> <p>Sipè-entandan an pral asire tout manm pèsonèl PPSD yo ak tout kontraktyèl PPSD yo respekte tout lwa, règ ak règleman ki aplikab yo, epi avèk tout politik Komisyón Konsèy la. Si nenpòt pati nan politik yo ta ilegal, Sipètentandan an pral rapòte sa a san pèdi tan bay Komisyón Konsèy la epi mande yon modifikasyon politik la.</p> <p>2. Transfè elèv</p> <p>Yo pral revize relve nòt elèv yo oswa lòt fòm rapò ki soti nan lòt lekòl yo pou asire aliyanan kou, kredi, evalyasyon oswa lòt kritè obligatwa yo.</p> <p>3. Transfè kredi:</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Lekòl segondè ki estanda: Providence pral aksepte kredi nan lekòl segondè estanda ki akredite yo nan Rhode Island ak lòt eta yo, depi elèv la te resevwa kredi nan kou yo nan eta oswa distri ki voye l la. 2. Lekòl segondè ki pa estanda: Nan transfè soti nan lekòl ki pa akredite oswa ki pa estanda, Ofisyé Akademik an chèf la oswa reprezantan yo ap detèmine transfè kredi yo. 3. Etid Etranje/Lekòl Etranje: Ofisyé an chèf akademik oswa reprezantan yo pral konvalide matyè yo pran nan peyi etranje yo. Si yo pa jwenn relve nòt yo, yo pral sèvi ak pèfòmans elèv yo oswa lòt rapò ki soti nan peyi yo pou transfè kredi a ak detèminasyon gradyasyon yo. Ekip 	

PPSD yo pral rankontre pou revize prèv yo epi pou detèmine evalyasyon ki apwopriye yo, si sa a nesesè.

4. Klasifikasyon Nivo Klas

Rezolisyon kontinyèl konsènan pwogresyon elèv la ap genyen ladan kou li te reyisi pandan lekòl nan sezon ete a ak pwogram retablisman kredi distri a te bay.

5. Evalyasyon Diplòm sou Baz Pèfòmans

Evalyasyon sa a mande pou demonstre konpetans aprantisaj ki aplike ak konpetans nan domèn espesifik yo. Yo evalye elèv yo avèk kritè nòt ki konsistan, ki devlope pa Distri a ki adapte ak nòm kontni leta a adopte ak nòm aprantisaj ki aplike yo. Si nòm leta pou yon domèn kontni an patikilye pa ekziste, yo pral itilize lòt nòm kontni ki enpòtan yo rekonèt nan tout peyi a.

6. Gradyasyon Akselere

Elèv ki demonstre yo ranpli tout kondisyon gradyasyon yo ka gradye bonè. Elèv ki enterese yo ta dwe aplike nan biwo oryantasyon yo, epi ofisyen chèf akademik la oswa reprezantan yo ap deside.

7. Patisipasyon nan Seremoni Gradyasyon yo

Se sèlman elèv ki te konplètman satisfè tout kondisyon gradyasyon yo oswa ki te resevwa Sètifikasi RIAA a ki pral resevwa otorizasyon pou patisipe nan seremoni gradyasyon yo, sof si gen yon lòt bagay ki mansyone lòt jan nan politik sa a.

8. Edikasyon Fizik/Edikasyon Lasante*

Kondisyon kredi pou aktivite fizik yo ka genyen yon egzonerasyon medikal nan sikonstans ki eksepsyonèl. Elèv yo pral konplete pòsyon sante ak akademik nan pwogram etid la. PPSD pral mete kritè sa yo nan pwogram etid la.

Kredi Edikasyon Fizik/Sante yo satisfè dapre kritè enskripsyon doub ki tabli nan règleman yo. Elèv ki ranpli JROTC nan PPSD satisfè kondisyon sante ak Edikasyon Fizik gras ak kondisyon pwogram sa a.

Elèv yo transfere nan distri a soti nan lekòl andeyò Providence ki pa bezwen Edikasyon Fizik/Edikasyon Sante pral sèlman oblige genyen kredi Edikasyon Fizik/sante pou ane yo enskri nan PPSD a.

Kondisyon gradyasyon sa yo dwe gen revizyon kontinyèl, revizyon ak aderans ak Komisyon Konsèy Lekòl la ak règleman leta ki aplikab yo.

9. Notifikasyon Anyèl

Y ap bay avi yo nan yon fòma aksesib pou fanmi yo ak elèv yo. PPSD pral bay administratè yo, pwofesè yo, elèv yo, fanmi yo ak manm kominote yo avi konplè chak ane sou kondisyon gradyasyon leta ak nivo lokal yo anvan **15 septanm** pou

elèv k ap antre nan nevyèm ane oswa nan moman enskripsyon an. Avi sa a pral pwolonje tou pou elèv ki nan lekòl oswa pwogram ki pa publik yo ak nan pwogram koreksyon pou timoun yo. Paran/responsab legal yo pral resevwa notifikasyon chak ane konsènan aksè nan ILP pitit yo, pwogrè pou kondisyon gradyasyon yo, inivèsite, nivo referans pou preparasyon pou karyè Konsèy la, kondisyon pou deziyen konsèy la ak pwogram CTE kòm yon pati nan kanè fen ane yo.

Si yon elèv riske pa genyen yon diplòm oswa li pa gradye pou inivèsite ak karyè, PPSD ap kenbe yon dosye sou plizyè avi endividyle alè pou bay elèv la ak fanmi yo, tankou:

- a. Notifikasyon klè sou estati akademik elèv la.
- b. Opòtinite pou diskite sou pwogram akademik elèv la, sipò ak entèvansyon ki planifye yo.
- c. Mizajou regilye sou pèfòmans ak pwogrè elèv yo.

Pwosesis kontestasyon ki jere lokalman yo ka rezoud echèk yo pou bay notifikasyon jan sa a endike, men echèk sa yo pa pral otomatikman bay diplòm.

Elèv yo ak fanmi yo gen dwa fè kontestasyon kont desizon gradyasyon yo atravè règleman ak pwosesis kontestasyon PPSD yo. PPSD pral konsidere tout prèv valab konpetans elèv yo nan yon nivo ki satisfè kondisyon yo mansyone yo epi l ap kenbe dokiman sou kritè, pwosesis ak rezulta kontestasyon yo jere nan nivo lokal yo.

10. Pwosesis Kominikasyon

Yo pral kominike kondisyon pou gradyasyon yo pandan pwosesis seleksyon kou lekòl segondè yo ak nan tranzisyon paran ak elèv nan evènman ak reyinyon lekòl segondè yo.

Notifikasyon pou elèv, fanmi ak manm nan kominote a

Avi yo pral aksesib pou fanmi yo ak elèv yo, ak notifikasyon konplè epi efikas sou kondisyon gradyasyon yo ak deziyasyon Konsèy la anvan **15 septanm** pou elèv nevyèm ane ki fèk ap rantre oswa lè enskripsyon yo. Avi yo pral disponib nan sèt lang prensipal nou yo nan fòma aksesib pou fanmi yo, tankou videoyo. Y ap bay elèv ki nan lekòl oswa pwogram ki pa publik yo ak sa yo ki nan pwogram koreksyon pou timoun yo avi yo tou. Chak ane, yo pral enfòme paran/responsab legal yo sou aksè nan ILP pitit yo ak enfòmasyon sou pwogrè pou kondisyon gradyasyon ak deziyasyon Konsèy la.

Lè yon elèv gen risk pou l pa jwenn yon diplòm, LEA dwe kenbe dosye sou avi endividyle yo alè pou elèv la ak fanmi li, ki kouvri sitiyasyon akademik elèv la, opòtinite pou diskisyon sou sipò akademik ak mizajou pèfòmans ki regilye.

Si w pa bay notifikasyon jan sa a espesifye a, yo ka rezoud atravè kontestasyon men li pa garanti pou bay diplòm.

11. Pwosesis pou Kontestasyon

	<p>Elèv ki pa satisfè kondisyon minimòm gradyasyon yo ka fè kontestasyon, apre yon pwosesis estriktire ki gen ladann:</p> <ul style="list-style-type: none"> a. Kontestasyon Premye Nivo: Se yon elèv ki vrèman kalifye pou yon diplòm ki ka kòmanse sa a, ak direktè lekòl la oswa reprezantan li ki dwe reponn nan senk jou ouvrab. b. Kontestasyon Dezyèm Nivo: Si elèv la pa satisfè ak rezulta nan Premye Nivo a, li ka fè kontestasyon ak Sipè-entandan an oswa reprezantan li ki dwe reponn nan senk jou ouvrab. c. Kontestasyon Twazyèm Nivo: Pou pwoblèm ki pa rezoud nan Dezyèm Nivo a, elèv la ka fè kontestasyon ak Komisyón Konsèy Lekòl la, epi yo dwe prevwa yon repons ak revizyon nan senk jou ouvrab.
Referans Legal	<p>Depatman Edikasyon Rhode Island Oryantasyon inisyal pou Regleman Lekòl Segondè yo – Seksyon 5.0 Gradyasyon pa Konpetans.</p> <p>Règleman Komisyón Konsèy Administrasyon pou Edikasyon Elementè ak Segondè: Alfabetizasyon K-12, Restriktrasyon Aprantisaj la</p> <p>Anviwònman nan Nivo Lekòl Twazyèm Sik ak Segondè, ak Kondisyon Gradyasyon ki baze sou konpetans (PBGR) nan lekòl segondè. Tit L – Secondary Design, Chapit 6 (3 Mas 2011).</p> <p>Komisyón Rejan pou Edikasyon Elementè ak Edikasyon Segondè nan Rhode Island Oryantasyon sou Regleman Segondè (Me 2011).</p> <p>Regleman Komisyón pou Edikasyon Elementè ak Edikasyon Segondè, Anviwònman Aprantisaj nan Lekòl Segondè ak Sistèm Gradyasyon Rhode Island nan (11 Oktòb 2016; Aplikab nan dat 1 Jiyè 2017 la)</p> <p>200-RICR-20-10-2 TIT 200 – KOMISYON KONSÈY EDIKASYON CHAPIT 20 – KONSÈY SOU EDIKASYON SEGONDÈ AK ELEMANTÈ SOUCHAPIT 10 - ESTANDA AKADEMIK, PWOGRAM AK OPERASYON PATI 2 – Règleman segondè</p> <p>Dokiman Oryantasyon sou Pakou Preparasyon RIDE apwouve</p>
Referans paralèl	
Istwa	<p>Apwouve pa Komisyón Konsèy Lekòl la: 24 Me 2004</p> <p>Revize: 14 Septanm 2009</p> <p>Revize: 26 Avril 2010</p> <p>Revize: 12 Novanm 2013</p> <p>Revize: 10 Fevriye 2014</p> <p>Revize: 27 Me 2014 Revize: 23 Out 2017 Regleman ki Pibliye: 2023</p> <p>Revize: 1 Avril 2024</p>

Evalyasyon Komite sou Politik la: 3 Avril 2024

Apwouve pa Komisyon Konsèy la: 22 Me 2024

Règleman ki pibliye yo:

Apendis: Klas 2028 ak lòt fòm

Plan gradyasyon pou etidyan pwogram preparasyon yo

Dokiman Oryantasyon ak Fòm Konsantman

Dat gradyasyon yo prevwa	
Dat soumèt li a	
Konseye Eskolè	
Konseye	

ENFÒMASYON SOU ELÈV LA:

Non	
Lekòl	
# ID	
Dat li fèt	
Klas	

PWOGRÈ POU KONDISYON DIPLOM:

Kredi	Rapò	Kredi	Rapò
4.0 Anglè		0.5 Syans Enfòmatik	
4.0 Matematik		0.5 Atizay	
3.0 Syans		2.0 Edikasyon fizik/Sante	
3.0 Syans Sosyal		3.0/4.0 Matyè opsyonèl	
2.0 Lang Mondyal oswa ekzonerasyon			
Lòt		Kredi total yo reyalize	[# / XX]

Evalyasyon leta	Nòt Klas 10yèm ane (si li aplikab)	Nòt Klas 11yèm ane
Matematik		
Lekti		
Syans		

Evalyasyon Pèfòmans/Pòtafolyo	An pwogrè/Konplè
EDP	
Metriz finansye	
Edikasyon sivik PBL	

Prèv ki montre elèv yo fini nan pakou a:

Prèv non dokiman yo	Tip prèv
3 Kou akademik Angajman karyè	

Aplikasyon konpetans yo	

Plan APWOUVE:

Elèv _____

Konseye/PBGR _____

Edikatè espesyal (si sa a aplikab) _____

Dat _____

Plan yo finalize yo dwe telechaje nan ILP sou Naviance